



Schweizerische Eidgenossenschaft  
Confédération suisse  
Confederazione Svizzera  
Confederaziun svizra

Département fédéral des affaires étrangères DFAE  
Direction du développement et de la coopération  
Bureau de Coopération Suisse en Haïti  
**Bureau de projets directs de Port-Salut**



## **MANYÈL PATISIPAN NAN KAD ATELYE FÒMASYON SOU MODIL JESYON ABRI PWOVIZWA (GAP)**

Vèsyon adapte nan kad egzekisyon pwojè parhaf, biwo Pò Sali ke Anbasad Swis finanse.

### **Benefisyè dirèk:**

CLPC ak EIC nan depatman Sid peyi d'Ayiti.

Inisyativ Anbasad Swis nan kad patenarya li avèk Direksyon Depatmantal Sid Pwoteksyon Sivil ("DDS/PC")

Mas 2022

**Manyèl patisipan nan kad atelye fòmasyon sou modil  
Jesyon Abri Pwovizwa (“GAP”)**

Vèsyon adapte nan kad egzekisyon pwojè parhafs ki finanse pa  
Anbasad Swis, biwo Pò Sali.

**Pati 1 Preyanbil la/ Jesyon Abri Pwovizwa (GAP)**

1.1.	Lis sig ki devlope nan manyèl la.....	3
1.2.	Rezime manyèl la.....	3
1.3.	Kontèks .....	4

**Pati 2 Leson yo**

2.1.	Leson 1 Entwodiksyon .....	5
2.2.	Leson 2 Nomanklati .....	8
2.3.	Leson 3 Nòm.....	9
2.4.	Leson 4 Seleksyon.....	10
2.5.	Leson 5 Òganigram.....	11
2.6.	Leson 6 Komite.....	14
2.7.	Leson 7 Zouti.....	15

**Pati 3 Zouti yo**

3.1.	Anèks 1 Fich sik itilizasyon abri ya.....	16
3.2.	Anèks 2 Fich Evalyasyon abri.....	18
3.3.	Anèks 3 Regis abri.....	21

4.	<b>Bibliyografi.....</b>	23
----	--------------------------	----

**Pati 1 Preyanbil Manyèl la/ Fòmasyon Jesyon Abri Pwovizwa.**

- 1.1. Lis sig ki devlope nan manyèl la

- 1.2. Rezime manyèl la
  - 1.3. Kontèks fòmasyon GAP la.
- 

### **1.1. Lis sig ki devlope nan manyèl la**

**1.2.  
Rezime  
manyèl  
la**

#	Sig	Definisyon
1	« GAP »	Jesyon Abri Pwovizwa
2	CLPC	« Comité Local Protection Civile »Komite lokal pwoteksyon sivil
3	DGPC	« Direction Générale de la Protection Civile » Direksyon jeneral pwoteksyon sivil
4	SNGRD	« Système National Gestion Risque et Désastre »Sistèm Nasyonal kap Jere Ris ak Desas
5	CASEC/KAZEK	« Conseil d'Administration de la section communale »Konsèy Administrasyon/kap jere seksyon an
6	ASEC/AZEK	« Assemblée de la section communale » Asanble Seksyon an
7	SAP	Sistèm Alèt Prekòs

Manyèl sa se pou tout manm CLPC nan seksyon Babwa ak Konde ki te patisce nan atelye fòmasyon sou Jesyon Abri Pwovizwa (GAP). Objektif la se pou konplete konesans patisipan yo sou kontni modil fòmasyon an ki vize aktyalize konesans yo sou modil GAP, bay yo zouti ak metòd pou yo kapab pi byen jere yon abri pwovizwa. Antou, genyen 7 leson ki devlope nan kontni manyèl la ki se: Leson 1 Entwodiksyon, Leson 2 Nomanklati, Leson 3 Nòm, Leson 4 Seleksyon, Leson 5 Òganigram, Leson 6 Komite ak Leson 7 ki se Zouti GAP yo. De fason pratik, genyen twa (3) zouti ki devlope ki pral ede konkretman manm komite GAP la devlope aptitud pou fe jesyon abri yo. Zouti sa yo se:

Anèks 1 Fich sik itilizasyon abri, Anèks 2 Fich Evalyasyon abri ak Anèks 3 ki se Rejis abri.

### 1.1. Kontèks fòmasyon GAP Ia

---

Manyèl sila fèt nan kad seri aktivite ki gen pou objektif ogmante rezilyans kominote riral yo tankou seksyon Konde ak Babwa ki nan depatman Sid peyi d'Ayiti. Aktivite sila yo fèt gras ak pwojè Parhafs ki jwenn sipo finansye anbasad swis kap apiye Direksyon Depatmantal Pwoteksyon Sivi2 kominote ke nou site yo, yo chak deja genyen ladan yo yon abri evakyasyon ke pwojè a konstwi. Kominote sa yo trè ekspose (vilnerab) ak yon pakèt danje natirèl tankou: **Inondasyon, siklòn, sechrès, deboulonay tè ak tranbleman tè**. Nan sans sa, pwojè ya apiye DPC nan mete sou pye komite pwoteksyon sivil ki pou jere ijans epi fè byen itilize abri yo. Parhafs antre nan yon dinamik pou fòme komite yo nan tout modil fòmasyon SNGRD ya yon fason pou chak manm komite yo ka genyen bonjan konesans nan domèn nan pou ede yo sove lavi moun. Se pou rezon sa a zouti sila rive fèt pou konplete fòmasyon manm komite yo sou modil Jesyon abri pwovizwa ki gen kòm sig ("GAP").

## 2.1. Leson 1 Entwodiksyon

---

### a. Objektif manyèl

Objektif manyèl sa a se pèmèt moun ki nan kominote ki pi lwen yo genyen yn premye fòmasyon sou yon zouti ki senp, fasil, e ki ekri nan lang kreyòl ki k ede yo genyen pi bon manyè pou jere abri pwovizwa pandan yon evènman advès nan kominote yo.


### b. Bi fòmasyon an

Atelye fomasyon sa a la pou bay patisipan yo konesans, bonjan ladrès ak zouti ki nesesè pou yo k byen fè jesyon abri pwovizwa nan kominote yo lé gen ijans.

### c. Objektif espesifik yo

#	Objektif
1	Ede patisipan yo byen konprann kisa yon abri pwovizwa ye ak kèk konsèp kle ki gen rapò ak jesyon abri ya.
2	Fasilite patisipan yo konnen tout nòm ki etabli pou rive seleksyone yon abri ak etap ki gen rapò ak sa.
3	Fasilite patisipan yon byen konprann òganigram GAP la epi jwe sou wòl chak fonksyon yo nan dinamik jesyon abri ya.
4	Fasilite patisipan yo konnen tout aktivite ki gen rapò ak prosesis itilizasyon yon abri pwovizwa.
5	Ede patisipan yo pou byen konprann fòmilè seleksyon abri yo ak fòmilè (Rejis abri) pou fè anrejistreman moun yo nan abri yo.

### d. Leson yo



#### d. Rezulta

#	<b>Rezulta</b>
1	Patisipan yo byen metrise definisyon yon abri pwovizwa ak lòt konsèp ( <i>Abri a kou tèm, Abri pwolonje,.....</i> ) ki gen rapò ak li.
2	Patisipan yo konnen nòm ki etabli pou chwazi yon espas poul sèvi kòm abri pwovizwa nan yon kominate.
3	Patisipan yo konnen kijan komite GAP la monte daprè òganigram ki fèt pou sa.
4	Patisipan yo konnen epi an mezi pou itilize efikasman zouti ki defini pou seleksyone abri ak jesyon abri nan tan ijans.
5	Patisipan yo konnen diferan faz nan sik aktivasyon yon abri evakyasyon.

#### e. Metòd

Nan kad atelye fòmasyon sa, men diferan metòd ke Fasilitatè yo kapab priyorize: Prezantatsyon entèraktif, temwanwaj sou eksperyans pase yo, patisipasyon tout moun, travay an gwoup, restitisyon ak similasyon.

#### f. Analiz atant

Pou analiz atant yo, Fasilitatè ya ap pase yon « post-It » epi chak patisipan ap gen pou ekri atant yo. Aprè sa, chak moun ap pase devan pou vin afichel sou yon tablo ki prepare pou sa. Fasilitatè ya pral fè klasman atant yo poul gade kisa ki pa gen rapò ak objektif atelye ya yon fason poul ka atire atansyon patisipan yo sou sa.

#### g. Kòbèy

Kòbèy la se yon panye ki la pou resevwa tout sijè oubyen kesyon ki pa gen twòp rapò ak objektif atelye ya. Sijè sa yo fasilitatè yo ap gen pou retounen pou fè deba sou yo nan dènye jou fòmasyon an. Fasilitatè yo ap itilize yon gwo fèy tablo papye pou reprezante kòbèy la.

## 2.2. Leson 2 Nomanklati

---

### a. Objektif

Ede patisipan yo byen konprann kisa yon abri pwovizwa ye ak konsèp (*Abri lont tèm, sit evakyasyon, sant kolektif, refij..*) Ki gen rapò ak sa.

#	Konsèp	Definisyon
1	<b>Abri pwovizwa</b>	Aranjman nan yon espas pou pèmèt nou resevwa moun ki an difikilte ki paka kontinye viv lakay yo fas ak yon danje ki anonse.
2	<b>Abri kou tèm</b>	Abri ki aktive pou pase pou plis tan 72 èdtan aprè pasaj yon danje.
3	<b>Abri pwolonje</b>	Abri ki aktive, ki kontinye bay sèvis li pli pase 72 zè aprè pasaj yon evènman advès. Yon sitiayson konsa montre ke evènman an pa byen jere li kreye yon sitiayson imanitè grav.
4	<b>Sit evakyasyon</b>	Se yon zòn oubyen yon espas ki genyen ladani plis pase 1 abri pwovizwa.
5	<b>Refij</b>	Se yon kote kelkeswa moun ki santi lavi l menase kapab antre. Egzanp yon anbasad.
6	<b>Sant kolektif</b>	Estrikti piblik ki te egziste avan evènman an tankou: sant kominotè, otèl, lopital elatrye.

### **2.3. Leson 3 Nòm abri.**

---

#### **a. Objektif**

Objektif lesion sa a se ede patisipan yo konnen nòm ki etabli pou rive chwazi yon abri pwovizwa.

#### **b. Aksesibilite**

#	Nòm Aksè
1	Wout pou mennen nan abri ya.
2	Bon pozisyon fas ak ris/ Li pa nan zòn a ris
3	Sekirize/ Kloti
4	Ranp pou aksè ak moun ki andikape.

#### **c. Fonksyonalite vital**

#	Nòm fonksyonalite vital
1	Kote pou moun pran dlo
2	Twalèt separe gason/Fanm.
3	Pòt sekou nan kad ijans.
4	Kizin
5	Elektrisite kòm atou
6	Paviyon pou syèj komite GAP la

### **2.3. Leson 4 seleksyon abri.**

---

#### **a. Objektif**

Eksplike patisipan yo tout etap yo dwe swiv pou chwazi yon abri pwovizwa.

#### **b. Etap yo**

Pou rive chwazi yon abri nan yon seksyon, genyen 4 etap ki nesesè epi enpòtan an menm tan.

#	Etap yo	Zouti ke n'ap bezwen pou fè sa
1	Evalyasyon abri ya	Fòmilè evalyasyon abri
2	Preparasyon rapò evalyasyon abri ya	Fich rapò
2	Akseptasyon ak validasyon Kòdonatè KAZEK nan seksyon an.	----- ----
4	Voye lis abri ki valide yo bay Direksyon Depatmantal Pwoteksyon	Lis aktyalize

## 2.5. Leson 5 Òganigram

### a. Objektif


Prezante patisipan yo òganigram GAP la ak diferan fonksyon ki gen rapò ak sa, wòl ak responsabilite chak fonksyon sa yo.


### b. Fonksyon GAP yo.

Yon abri pwovizwa se tankou yon enstitisyon ki mande anpil Konesans, metòd ak zouti. Nan kad jesyon sa, se sitou ak moun ki an difikilte ke jesyonè yo pral travay. Nan sans sa, youn pami zouti ke ou bezwen pou fè jesyon sa a se òganigram GAP la ki gen ladanl 6 fonksyon plis kòdinasyon an ki se li menm tou yon fonksyon. Chak fonksyon genyen pwòp wòl ak responsabilitel.



c. Wòl fonksyon GAP yo





## **2.6. Leson 6 Komite GAP**

---

### **a. Objektif**

Eksplike patisipan yo prensip pou kreye komite GAP la, pwovnans manm yo, wòl komite ya ak fason komite ya òganizel pou fonksyònman l.

### **b. Komite GAP**

Se yon gwoup volontè ki soti nan kominote a epi ki gen konesans ak konpetans pou asire Jesyon abri evakyasyon.

### **c. Wòl komite ya**

Fè antretyen abri a pou l toujou disponib lè gen katastwòf epi asire ke moun ki evakye yo jwenn bon jan akèy.

### **d. Konpozisyon komite ya**

Li gen ladani 1 kòdonatè, epi 6 fonksyon sèvis. Li konseye pou chak fonksyon sa yo genyen pou pi piti 2 manm.

Sa ki fè ke komite ya kapab genyen pou pi piti 13 manm. Yon kòdonatè ak 2 moun pou chak fonksyon.

## 2.7 Leson 7 Zouti

---

### a. Objektif

Prezante bay patisipan yo twa (3) zouti ki pi esansyèl nan kad pwosesis itilizasyon yon abri pwovizwa. Zouti sa yo se : Fich evalyasyon abri, Regis abri ak fich sik itilizasyon abri.

### b. Kontni fòmilè Enspeksyon abri ya

Fòmilè sa gen ladani pati esansyèl:

#	Zouti	Kontni
1	Fich evalyasyon abri	Nòm yo ( <i>Aksesibilite abri ya, Fonksyonalite vital</i> ) ak Rekòmandasyon
2	Regis abri	Anrejistreman Evakye yo ak enfòmasyon adisyonèl sou yo.
3	Fich sik itilizasyon abri.	Lis aktivite ki gen rapò ak 4 faz itilizasyon abri ya.

### c. Prensip fondamantal

Nenpòt moun nan kominote ya ka pwopoze yon espas pou vin sèvi kòm abri. Sepandan, Komite GAP la dwe al fè evalyasyon I pou gade si nòm yo respekte.

Se sèlman sou baz sa ke komite ya dwe chwazi espas yo evalye ya oubyen tou rejte I si toutfwa li pa reponn ak egzijans nòm evalyasyon an .



Schweizerische Eidgenossenschaft  
Confédération suisse  
Confederazione Svizzera  
Confederaziun svizra



Pati 3 Zouti yo

### 3.1. Anèks 1 Fich Sik itilizasyon abri ya.

---

Genyen 4 faz ki enpòtan ki konstitye sa nou rele sik itilizyon abri. Tout pwosesis aktivasyon yon abri pase pa faz sa yo. Nan sans sa, li enpòtan anpil pou Jesyonè abri yo byen metrize zouti sa.

#	Faz sik itilizasyon abri	Aktivite ou jwenn nan chak faz sik itilizasyon abri ya.
1	Aktyalizasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Evalyasyon abri ya.</li> <li>- Seleksyon.</li> <li>- Verifikasyon avan aktivasyon nan faz alèt jòn nan.</li> </ul>
2	Aktivasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Reyinyon ou konvokasyon Komite GAP.</li> <li>- Enstalasyon komite GAP.</li> <li>- Aranjman fonksyonèl abri ya.</li> <li>- Ouvèti abri.</li> </ul>
3	Pòs- aktivasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Akèy ak anrejistreman</li> <li>- Sansibilizasyon nan abri ya</li> <li>- Aktivite kiltirèl ou sikososyal</li> <li>- Alimantasyon</li> <li>- Priz an chaj sante</li> <li>- Priz an chaj gwoup vilnerab tankou fanm ansent, moun aje, moun andikape...</li> <li>- Pwòpte ou Netwayaj abri ya.</li> <li>- Siveyans sou zafè moun yo nan abri ya.</li> <li>- Pwoteksyon minè ak tout lòt gwoup vilnerab</li> <li>- Rapò sou evolisyon ki genyen chak jou nan abri ya.</li> </ul>
4	Dezaktivasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Remèsiman ak evakye yo pou sila yo ki te gen bon konpòtman.</li> </ul>

		<ul style="list-style-type: none"><li>- Siyati depa evakye yo.</li><li>- Rapò fèmti abri ya.</li></ul>
--	--	--



Pati 3 Zouti yo

### **3.2. Anèks 2 Fich Evalyasyon abri**

---

#### **Lokalizasyon**

Non Abri ya:

Zòn li plase :

Tip sèvis ke espas la founi an tan nòmal :

Kapasite akèy abri ya :

Kantite m<sup>2</sup> pou chak fanmi :

Kantite moun kap viv nan zòn abri ya :

#### **Estrikti abri ya**

Mi abri ya fèt an wòch epi twati ya an pay?	Mi abri ya fèt an wòch epi twati ya an tòl?	Mi abri ya fèt an klis epi twati ya an pay?
Mi abri ya fèt an blòk epi twati an beton?	Mi abri ya fèt an blòk epi twati an tòl?	Mi abri ya fèt an klis epi twati ya an tòl?

#### **Aksesibilite**

Abri ya sityel nan zòn a risk?	Kote abri ya sityel la moun kapab ale a pye?	Kote abri ya sityel la machin kapab ale ladanl?
Genyen ranp aksè pou andikape kapab randre san	Abri ya byen bare ak bon kloti?	Zòn kote abri ya sityel la gen pwobèm ensekirite?

difikilte sou yon chèz woulant?		
Abri ya gen plizyè pòt pou ijans?	Sal yo ase gran epivan ak lè pase nan abri ya?	

### Fonksyonalite vital

Abri ya gen pwen dlo ladanl	Abri ya genyen PLM/ Pòs Lavaj Men ladanl?	Abri ya gen twalèt separe Gason/Fanm?
Abri ya genyen kizin pou fè manje?	Abri ya genyen lakou ladanl ?	Abri ya genyen elektrisite oubyen lòt sous enèji ladanl ?

### Remak sou aspè sekirite

---



---



---



---

### Remak sou nòm yo nan abri ya

---



---



---



---



---

### Amenajman posib

---



---



---



---

**Rekòmandasyon**

---

---

---

---

---

DDS/PC



Schweizerische Eidgenossenschaft  
Confédération suisse  
Confederazione Svizzera  
Confederaziun svizra



SYSTÈME NATIONAL DE GESTION DES RISQUES  
ET DES DÉSASTRES (SNGRD)



DIRECTION DE LA PROTECTION CIVILE

Pati 3 Zouti yo

### 3.2. Anèks 3 Regis Abri

---

#### IDANTIFIKASYON

Non abri ya	Adrès abri ya	Kapasite akèy	Ki evènman
Non Jesyonè ya		Dat	

#### ANREGISTREMAN

Non Chèf fanmi an	Sèks li	Kantite moun ki nan fanmi an		
		Total	Fi	Gason
<b>Gwooup espesyal</b>				
Ti moun pi piti ke 5 kan	Ti moun ki pa akonpanye	Granmoun ki gen plis ke 70 zan	Andikape	Fanm ansent

**ENFÒMASYON ADISYONÈL**

Zòn abite	Tip kay fanmi an	# de téléphone
<b>Aktivite ki jenere lajan</b>	<b>Estatí aktyèl nan késyon travay</b> (Anplwa ou aktivite ki rantre lajan)	<b>Kantite timoun ki lekòl</b>

**DDS/PC**

#### 4. BIBLIYOGRAFI

1. SPGRD, *Réponse aux désastres : abri d'urgence, habitat et regroupement*,  
Haiti, 2010-2014
2. CARE, *Abri provisoir, Manuel de formation de gestionnaires et de superviseurs  
d'abris provisoire*, Haiti, janvier 2009.
3. USAID/OFDA, *Cours d'abris et gestion d'abris*, Haiti, mai 2010.